**दिन–मंगलवार** **दिनांक–23.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन आइ लोकसभा मे वित्त वर्ष दू हजार चौबीस–पच्चीसक केन्द्रीय बजट प्रस्तुत कयलनि। ई नरेन्द्र मोदी सरकारक तेसर कार्यकालक पहिल बजट अछि। वित्तमंत्री बजट मे रोजगार, कौशल प्रशिक्षण, एम.एस.एम.ई आ मध्यम वर्ग पर ध्यान केन्द्रित कयलनि अछि। अपन बजट भाषण मे रोजगार, कौशल प्रशिक्षण आ आन अवसरक सुविधा उपलब्ध करएबाक लेल प्रधानमंत्रीक पांच योजना आ पहल के पैकेजक घोषणा कयलनि अछि। प्रधानमंत्री पैकेजक भागक रूप मे रोजगार संबद्ध प्रोत्साहनक लेल तीन योजना लागू कयल जायत। एहि पर बत्तीस हजार करोड़ टाका व्यय होयबाक अनुमान अछि। बजट मे एक करोड़ युवा सभ के कौशल प्रशिक्षण देबाक लेल शीर्ष कंपनी सभ मे इंटर्नशिप कार्यक्रमक अंतर्गत प्रशिक्षित कयल जायत।

---

बजट मे किसान, महिला, युवा उद्यमी सहित सभ वर्गक ध्यान राखल गेल अछि। वित्तमंत्री करदाता सभक लेल राहतक अंतर्गत नव कर व्यवस्था मे वेतनभोगी कर्मचारी सभक लेल मानक कटौती पचास हजार टाका सँ बढ़ा कऽ पचहत्तरि हजार टाका कऽ देल गेल। आम बजट मे ग्रामीण आधारभूत संरचना सहित सम्रग ग्रामीण विकासक लेल दू लाख छयासठि हजार करोड़ टाकाक प्रावधानक घोषणा कयल गेल अछि। सरकार जनजातीय समुदायक सामाजिक– आर्थिक स्थिति मे सुधारक लेल प्रधानमंत्री जनजातीय उन्नत ग्राम अभियान चलाओत। महिला विकास के बढ़ावा देबाक उद्देश्य सँ महिला आ बालिका लोकनिक लेल लाभकारी योजना सभ पर तीन लाख करोड़ टाका सँ बेसी कँ आवंटन कयल गेल अछि। बजट मे प्रधानमंत्री आवास योजना शहरी के दोसर चरण मे सरकार एक करोड़ शहरी निर्धन आ मध्यवर्गीय परिवारक आवासक आवश्यकता सभ के पूरा करबाक लेल दस लाख करोड़ टाकाक निवेश करत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे केन्द्रीय बजट दू हजार चौबीस–पच्चीस सँ समाजक प्रत्येक वर्ग के मददि भेटत आ हुनक सशक्तिकरण होयत। ओ जोर देलनि जे एहि बजट सँ गाम कमजोर वर्ग आ किसान समृद्धिक दिस अग्रसर होयताह। एक वीडियो संदेश मे प्रधानमंत्री कहलनि जे एहि बजट सँ युवा सभ के अवसर भेटत।

———————————————————————

वित्तमंत्री बिहारक चहुँमुखी विकासक लेल कतेको योजना घोषणा कयलनि अछि। बजट मे राज्य मे सड़क संरचनाक विकास पर छब्बीस हजार करोड़ टाका खर्च करबाक प्रावधान कयल गेल अछि। एकर अंतर्गत पटना– पूर्णियां एक्सप्रेस वे, बक्सर–भागलपुर एक्सप्रेस वे, बोधगया, वैशाली आ दरभंगा सड़क संपर्क परियोजनाक विकास आ बक्सर मे गंगा नदी पर दू लेनबला एक अतिरिक्त पुल बनेबाक लेल सेहो सहायता देल जायत। एकर संगहि भागलपुरक पीरपैंती मे विद्युत संयंत्र लगेबा कासीक तर्ज पर बोध गया मे महाबोधि कोरीडोरक विकास राजगीर मे सप्तऋषि योजना आ नालंदा मे पर्यटनक लेल सेहो विशेष प्रावधान कयल गेल अछि। वित्तमंत्री अपन भाषण मे कहलनि जे बिहार के बाढ़िक त्रासदी सँ बचेबाक लेल नेपालक संग मिलि कऽ कार्ययोजना बनाओल जायत। बजट मे कोसी–मेची नदी जोड़ परियोजना, नदी प्रदुषण न्यूनीकरण आ सिंचाई परियोजनाक लेल विशेष आर्थिक मददि देबाक घोषणा कयल गेल अछि।

———————————————————————

जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार बजट कँे सकारात्मक आ स्वागत योग्य जनौलनि अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत ओ जनौलनि जे केन्द्रीय बजट मे बिहारक आवश्यकता सभ के ध्यान राखल गेल अछि। ओ कहलनि जे एकर अंतर्गत सड़क संपर्क परियोजना, विद्युत परियोजना, एयरपोर्ट आ मेडिकल कॉलेज सहित विभिन्न आधारभूत संरचना सभक विकासक लेल विशेष राशिक प्रवधान कयल गेल अछि।

———————————————————————

वित्तमंत्रीक घोषणा सभक राज्यक राजनीतिक, सामाजिक आ औद्योगिक वर्ग सँ जुड़ल लोक सभ स्वागत कयलनि अछि। जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष आ राज्यसभा सांसद संजय झा बजट के स्वागत करैत कहलनि जे एहि सँ राज्य मे विकासक गति आओर तेज होयत। उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे आम बजट मे बिहार विकासक पट्कथा लिखल गेल अछि। ओतहि, विपक्षी दल सभ बजट के निराशाजनक जनौलक अछि। राजदक वरिष्ठ

नेता आ पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवी कहलनि जे बजट मे बिहारक विशेष दर्जाक मांग पूरा नहि भेल अछि।

———————————————————————————

जदयूक वरिष्ठ नेता रामवचन राय आइ विधान परिषदक उपसभापतिक पदक लेल नामांकन पत्र दाखिल कयलनि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।